**МИНИСТЕРСТВО ПРОСВЕЩЕНИЯ РОССИЙСКОЙ ФЕДЕРАЦИИ**

**Министерство образования и науки Республики Дагестан**

**МО "Хасавюртовский район"**

**МКОУ "Новосасатлинская СОШ"**

| РАССМОТРЕНО | СОГЛАСОВАНО | УТВЕРЖДЕНО |
|---|---|---|
| руководитель МО | зам. директора по УВР | директор школы |
| Зиявдинова Г.А. | Ахмедова У.А. | Хизриев О.Б. |
| | | Приказ №2 |
| от «29» 08 2023 г. | от «29» 08 2023 г. | от «30» 08 2023 г. |

**РАБОЧАЯ ПРОГРАММА**

учебного предмета «Родная литература»

для обучающихся 10 классов

**Новоситли 2023**

## *ПРОГРАММАЯЛЪЕ БАЯН*

*ХIалтIул программа гIуцIун буго гьоркьохъеб школалъул авар мацIалъул программаялъул кьочIодалъун.*
*Авар мацIалъул программа хIадур гьабуна ГI.ГI. Тахо-Годил цIаралда бугеб Дагъистаналъул гIелмиябгин цIех-рехалъул педагогикияб институталъул мацIазул секторалъ. Программа гIуцIана Вакилов ХI.С., ХIамзатов А.ГЬ.*
*Дагъистан Республикаялъул лъайкьеялъул министерствоялъ тасдикъ гьабураб.*
*МахIачхъала: НИИ педагогикаялъул издательство.*
*Авар мацIалъул тематикияб план гIуцIун буго учебникалдаса «Авар мацI 6-7кл.».*
*Автор:А.Гь.Х1амзатов.*
*Махачкала: издательство НИИ педагогики.*
*Учебник :*
*Авар мацI: А.Гь.ХIасанов*
*СагIтазул къадар:*
*Авар мацI: 34*
*Анкьида жаниб сагIтазул къадар:*
*Авар мацI:1*

## *СагIтазул рикъи:*

### *МацIалъул хIакъалъулъ гIаммал баянал (1 сагIат).*

*Авар литературияб мацI, гьелда тIад хIалтIи ва гьелъул тарих (история). Авар литературияб мацI сверияб наречиялъул къучIалда гIуцIараб букIин. Северияб ва югалъул диалектазул фонетикиял, лексикиял ва морфологиял батIалъаби (къокъго). Хъвай-хъвагIай гьечIел гIанди-цез группаялъул мацIал. Аваразул литературияб мацI – киналго магIарулазул рухIияб бечелъи.*

### *Стилистика ва каламалъул культура (2 сагIат).*

***I.** Авар литературияб мацIалъул хIакъалъулъ бичIчIи кьей. Халкъияб ва литературияб мацI.стилистикаялъул хIакъалъулъ бичIчIи кьей. Литературияб мацIалъул хаслъаби (гIелмияб, канцеляралъул, газет-журналалъул ва художествиял асаразул). Художествияб адабияталъул мацI.*

***II.** Тексталда тIасан жиндирго пикру загьир гьабизе лъай (хъванги бицунги). Материал бакIаризе ва гьелдаса пайда босизе лъай (хъванги бицунги). БатIи-батIиял хасиятазул (стилалъул) рагIаби ва предложениял ратIа гьаризе лъай.*

## *Лексикология (2 сагIат).*

*I. Лексика ва лексикология (къокъаб баян). РагIул битIараб ва хвалсараб магIна. Омонимал. Синонимал. Антонимал. Авар литературияб мацIалъул чияр мацIаздаса (гIурус, гIараб, перс, тюрк) рачIарал рагIаби ва гьезул битIунхъвай.*

*II. Дурусго, мухIканго рагIи хIалтIизаби. РагIул такрарлъиялдалъун гIунгутIи бихьизаби. Жиндирго каламалъул синонимал, омонимал, антонимал хIалтIизаризе ругьунлъи. Хаслъиялъухъ балагьун, рекъон кколедухъ, рагIи тIасабищизе ва предложениялъулъ хIалтIизабизе лъай. Словараздаса пайда босизе ругьунлъи.*

## *Фразеология (1 сагIат).*

*I. Фразеологиял свераби ва гьел лъугьин. Эркенал рагIабазул дандраял ва фразеологиял свераби.*

*II. Антонимиял ва синонимиял фразеологиял гIуцIаби гьорлъе ккезарун, предложениял ургьи. Фразеологияб свери кинаб хаситяталъул бугебали лъазе ва каламалъулъ битIун хIалтIизабизе ругьунлъи. Фразеологиял сверабазул словарь гьаби. Кицаби, абиял ракIари.*

## *БитIун аби (орфоэпия) ва интонация (2 сагIат).*

*I. Орфоэпиялъул хIакъалъулъ бичIчIи кьей. Авар каламалъул интонация. Логикияб ударение.*

*II. Диалектиял гьалатIал риччачIого, битIун кIалъазе лъай. ГIурус мацIалдаса рачIарал рагIаби битIун абизе ругьунлъи. Рагьаралги рагьукъалги гьаркъал битIун абизе бугеб бажари камиллъизаби. Интонацияги цIунун, батIи-батIиял тайпабазул предложениял цIализе бугеб ругьунлъи камиллъизаби.*

## *Графика, битIунхъвай ва пунктуация (2 сагIат).*

*I. Авар мацIалъул графикаялъул къокъабго тарих. Авар орфографиялъул аслиял къагIидаби (принципал). Лъалхъул ишараби ва гьезул кIвар.*

*II. Авар мацIалъул битIунхъваялъул словарь, гьелъулгун лъай-хъвай гьаби. Лъалхъул ишараби хIалтIизаризе бугеб ругьунлъи камиллъизаби.*

## *РагIул гIуцIи ва рагIи лъугьин (1 сагIат).*

*I. РагIи лъугьин – мацI бечелъизе бугеб рес хIисабалда. РагIи ва рагIул формаби лъугьунел къагIидаби ва, гьел формаби лъугьунаго, рагIул кьибилалъулъ колел хиса-басиял.*

*II. РагIи морфемабазде бихххизе ругьунлъи. Морфемабазул магIна лъай. БатIи-батIиял морфемабаздалъун цIиял рагIаби лъугьинаризе ругьунлъи.*

## *МОРФОЛОГИЯ.*

## *Предметияб цIар (2 сагIат).*

*I. Предметияб цIар. Предметияб цIаралъул падежияб система. Предметияб цIар ва гьелъул гIемерлъул форма лъугьунел къагIидаби. Предметияб цIар лъугьин ва гьелъул битIунхъвай.*

*II. БатIи-батIиял каламалъул бутIаби предметияб цIаралде свери (бахIарай, херав, ункъояв, унтарав).*

*МагIарда ( -де -даса -дасан) гIадал падежазул формаби каламалъулъ битIун хIалтизаризе лъай.*

*Хъвалсараб магIнаялда предметиял цIарал хIалтIизаризе лъай (меседил яс, ганчIил ракI).*

## *Прилагательное (2 сагIат).*

*I. Прилагательное. Грамматикиял гIаламатал. БатIи-батIиял каламалъул бутIабаздаса прилагательное лъугьин. Прилагательноялъулги хаслъул падежалда бугеб предметияб цIаралъулги синонимика (инсулаб тIадкъай – инсул тIадкъай).*
*II. БатIи-батIиял синонимал – прилагательноял каламалъулъ хIалтIизари. Текстазулъ прилагательноял ратизе ва гьезул морфологияб разбор гьабизе лъай. Описаниялъулъ прилагательноял хIалтIизаризе ругьун гьари (масала, тIабигIаталъул, рукъ-бакIалъул сурат кьолаго).*

## *РикIкIен (2 сагIат).*

*I. РикIкIен. ГIуцIиялде балагьун рикIкIенал. Авар мацIалда къадаралъул рикIкIеналда хадуб предметияб цIар кидаго цолъул формаялда букIин. Предметияб цIаралъулгин ургадул рикIкIеналъул бухьен. РикIкIеназул битIунхъвай.*
*II. Къадаралъулги ургадулги рикIкIенал каламалъулъ битIун хIалтIизари. Предложениялъулъ гIадатаб, жубараб, составияб рикIкIен хIалтIизаби.*

## *ЦIарубакI (2 сагIат)*

*I. ЦIарубакI. Грамматикиял гIаламатал. ЦIарубакIазул битIунхъвай ва битIун аби (нижер, нужер, жидеца).*
*Ишараялъул цIарубакIал лъабабилеб гьумералъул цIарубакIаллъун хIалтIизари.*
*II. Каламалъулъ предметияб цIаралъул, прилагательноялъул, рикIкIеналъул бакIалда цIарубакIал хIалтIизаризе лъай. Ишараялъул цIарубакIал (манзилалде балагьун) битIун хIалтIизари. Суалиял цIарубакIал ругел предложениял битIараб интонациялдалъун цIализе ва гара-чIвариялъулъ хIалтIизаризе лъай. Нилъер, нижер цIарубакIал каламалъулъ битIун хIалтIизаризе лъай.*

## *Глагол (4 сагIат)*

*I. Глагол. Рухьарал ва тIадчIарал глаголал. Цо-цо глаголал, лексикияб магIнаялде балагьун, рухьарал ва тIадчIарал рукIине бегьи. Глаголазул фразеологиял гIуцIаби ва журарал глаголал. Гьезул битIунхъвай. Глаголалъул батIи-батIиял наклонениял ва гьезул формаби. Жубараб предложениялъул бутIаби цоцалъ рекъезаризе глаголалъул формабаздаса пайда боси.*
*II. Аслияб ва цогиялда бараб рагIиялъун глаголалги ккезарун, рагIабазул дандраял гIуцIизе ва гьел каламалъулъ хIалтIизаризе лъай.*
*I. Причастие ва гьеб лъугьин. Причастиялъул синтаксияб роль. Причастие предметияб цIаралде свери. Причастияб сверел ва определениелъун тIаджубараб предложение. Гьениб лъалхъул ишараби.*
*II. Причастие ва причастиял сверелаби каламалъулъ хIалтIизаризе лъай. Причастиялгун рагIабазул дандраял гIуцIизе лъай. Суалиял ва риторикиял предложениязулъ причастие сказуемоелъун хIалтIизаби.*
*I. Деепричастие ва гьеб лъугьин. Деепричастиялъул синтаксияб роль. Деепричастияб сверелгун лъалхъул ишараби.*
*II. Деепричастиегун рагIабазул дандраял гIуцIизе лъай. Каламалъулъ деепричастияб сверел хIалтIизабизе лъай. Причастиялъулги деепричастиялъулги кумекалдалъун составиял глаголал лъугьинаризе ругьунлъи.*

## *Наречие (2 сагIат).*

***I.*** *Наречие ва гьелъул грамматикиял гIаламатал. Наречие лъугьин ва гьелъул битIунхъвай. Качествиял наречиял ва гьезул роль.*
***II.*** *Наречиял битIун хъвазе ругьунлъи камиллъизаби. Аслияб ва цогиялда бараб рагIилъун наречиялги ккезарун, рагIабазул дандраял гIуцIи ва гьел каламалъулъ хIалтIизаризе лъай. Синонимиял, антонимиял наречиял хIалтIизаризе лъай. Предметияб цIаргун хIалтIизабулеб хадурегIел наречиялдаса батIа бахъизе лъай.*

## *Союзал (1 сагIат).*

***I.*** *Союзал. ГIадатал, журарал, составиял союзал. Союзазул битIунхъвай.*
***II.*** *Предложениял ва предложениялъул членал союзаздалъун цоцаздехун хурхинаризе лъай.*
*Союзал гьорлъ ругел предложениял каламалъулъ хIалтIизаризе лъай. Союзал – синонимал каламалъулъ хIалтIизаризе лъай.*

## *Частицаби (1 сагIат).*

***I.*** *Частицаби. Цо-цо мехалда частицабиги союзалги омонимал хIисабалда дандчIвай ва гьел ратIарахъи. Союзаллъунги форманталлъунги (суффиксаллъунги) хIалтIизарулел частицаби.*
***II.*** *МагIнаялъухъ балагьун, батIи-батIиял частицаби каламалъулъ хIалтIизаризе лъай. Частицабазул битIунхъвай.*

## *ХадурегIел (1 сагIат).*

***I.*** *ХадурегIел. ГIемерисел хадурегIелал наречиялдаса лъугьарал рукIин лъай. Цогидал каламалъул бутIабаздаса жал лъугьинчIел хадурегIелал. ХадурегIелазул битIунхъвай.*
***II.*** *БакIалъул падежалгун хадурегIелал хIалтIизари. ХадурегIелалги наречиялги тексталъулъ ратIарахъи.*

## *Междометиял (1 сагIат).*

***I.*** *Междометиял. Междометиязул битIунхъвай.*
***II.*** *Междометиял гьорлъ ругел предложениял дурусго цIализе лъай. Художествияб тексталъулъ ва каламалъулъ междометие хIалтIизабиялъухъ халк*

# Къиматал лъезе чIезарурал нормаби.

## Диктантазе къимат лъолеб куц.

| | |
|---|---|
| «5» | къимат лъола гъалатI гьечIеб хIалтIуе. Гьеб къимат лъолеб диктанталда букIине бегьула битIунхъваялъулъ биччараб 1 сакъат (гьитIинаб гъалатI) яги лъалхъул ишараби лъеялъулъ ккараб 1 гIунгутIи. |
| «4» | къимат лъола битIунхъваялъулъ 2 ва лъалхъул ишараби лъеялъулъ 2 гъалатI бугеб, яги битIунхъваялъулъ 1, лъалхъул ишарабазулъ 3, яги битIунхъваялъулъ цониги гъалатIги гьечIеб, лъалхъул ишарабазулъ 4 гъалатI биччараб диктанталъе. Лъезе бегьула битIунхъваялъулъ цого тайпаялъул 3 гъалатI ккун батани. |
| «3» | къимат лъола битIунхъваялъулъ 4 ва лъалхъул ишараби лъеялъул 4 гъалатI батараб диктанталъе, яги битIунхъваялъулъ 3 ва лъалхъул ишараби лъеялъулъ 5, яги битIунхъваялъулъ цониги гъалатI гьечIеб, лъалхъул ишараби лъеялъулъ 7 гъалатI ккараб хIалтIуе. |
| «2» | къимат лъола битIунхъваялъулъ 6 ва лъалхъул ишараби лъеялъулъ 8, яги битIунхъваялъулъ 5 ва лъалхъул ишараби лъеялъулъ 9, яги битIунхъваялъулъ 8 ва лъалхъул ишараби лъеялъулъ 6 гъалатI биччараб диктанталъе. |
| «1» | къимат лъола кIийилаб къиматалъе рихьизарураздаса цIикIкIун гъалатIал ругеб диктанталъе. |

Диктанталъе гъалатIал рикIкIунеб чанго батIияб къагIида бихьизабун буго. Амма щибаб къиматалъе гъалатIазул гIурхъи чIезабун буго. «4» къиматлъе гьединаб гIурхъилъун ккола битIунхъваялъул 2 гъалатI, «3» къиматалъе 4 битIунхъваялъул гъалатI, (5 классалъе битIунхъваялъул 5 гъалатI), «2» къиматалъе 7 битIунхъваялъул гъалатI. Гьеб чIезабураб гIорхъодаса гъалатIазул къадар тIаде ани, рехсарал къиматал лъезе бегьуларо.

## Грамматикиял тIадкъаял тIуразариялъе къиматал лъолеб куц:

| | |
|---|---|
| «5» | къимат лъола, гъалатI гьечIого, киналго тIадкъаял тIуран ратани. |
| «4» | къимат лъола, киналго тIадкъаязул ункъилъа лъабил бутIа (3/4) битIун гьабун батани. |
| «3» | къимат лъола, бащадалниги тIадкъаял битIун гьарун ратании. |
| «2» | къимат лъола, бащадалдаса дагь гурони, битIун тIуразазул тIадкъаял ратичIони. |
| «1» | къимат лъола, цIалдохъанас цониги тIадкъай тIубан батичIони. |

## Контролияб словарияб диктанталъе къиматал лъолеб куц:

| | |
|---|---|
| «5» | къимат лъола  гъалатI гьечIеб диктанталъе |
| «4» | къимат лъола  1-2 гъалатI биччан батараб диктанталъе. |
| «3» | къимат лъола  3-4 биччан батараб диктанталъе. |
| «2» | къимат лъола 5-ялдаса 7-ялде щвезегIан гъалатIал ккун ратани. |
| «1» | къимат лъола 7-ялдаса цIикIкIун гъалатI биччан батани. |

# Сочинениязе ва изложениязе къимат лъолеб куц.

| Къима-тал | ХIисабалде росизе кколел аслиял рахъал | |
|---|---|---|
| | МагIна ва калам гIуцIи | БитIунхъвай |
| «5» | Къураб темаялдаса къуричIеб хIасилалъул хIалтIи. МагIнаялъулъ гъалатI гьечIолъи. Пландалда рекъараб, гьеб гьечIогоги, хадуб цебе рекъон бачIараб магIна букIин. ХIалтIи букIине ккола бечедаб, лексикаялъул, рагIи херхиналъул рахъалъ мухIканаб, предложениязул гIуцIиялъул ва гьел дандраялъул рахъалъан батIи-батIиял ресаздаса пайда босараб. Тексталъул мацIалъул букIуна дуруслъи ва гIураб пасихIлъи. БукIине бегьула магIнаялъулъ 1 сакъатги, калам гIуцIиялъулъ 1-2 гIунгутIиги. | БукIине бегьула 1 битIунхъваялъул, яги 1 лъалхъул ишараби лъеялъул, яги 1 грамматикияб гъалатI. |
| «4» | Къураб темаялдаса дагьа-макъабго гурони къури гьечIеб магIнаялъул хIалтIи. Аслияб къагIидаялъ хIасил битIарабги букIун, магIнаялъулъ цо-цо сакъат ккараб. Хъвараб жо хадуб-цебе рекъон бачIиналъулъ дагьа-макъал гIунгутIаби ругеб. Калам гIуцIизе рагIул бечелъиялдаса ва грамматикиял къагIидабаздаса гIураб къадаралда пайда босараб. Бицунеб жоялда мухIканаб рекъараб литературияб мацI букIин. Гьениб ккун букIине бегьула магIнаялъулъ 2 сакъат, калам гIуцIиялъулъ 3-4 гIунгутIи. | БукIине бегьула битIунхъваялъул 2, лъалхъул ишараби лъеялъул 2 гъалатI, яги битIунхъваялъул 1 ва лъалхъул ишарабазул 3, яги битIунхъваялъул гъалатI гьечIеб, лъалхъул ишараби лъеялъулъ 4 гъалатI, гьединго 2 грамматикияб гъалатIги. |
| «3» | ХIасил къураб темаялдаса лъикIго къуризе биччан бугеб. Аслияб къагIидаялъ хIасил битIараб бугони, магIнаялъулъ гIунгутIаби ричараб. Хадуб-цебе рекъон бачIиналъулъ цо-цо сакъатал ругеб. Мукъсанаб лексикаялъул, цого тайпаялъул предложениядаса данде гьабураб хIалтIи батани, мекъи рагIаби хIалтIизариялъул хIужжаби дандчIвалеб. МацIалъул рахъалъан дуруслъи, мухIканлъи цIунизе кIвечIеб. Хъвалеб жоялъул магIнаялъулъ 4 сакъат ва калам гIуцIиялъулъ 5 гIунгутIи ккун букIине бегьула. | БукIине бегьула битIунхъваялъул 4, лъалхъул ишараби лъеялъул 4 гъалатI, яги битIунхъваялъул 3 ва лъалхъул ишараби лъеялъул 5 гъалатI, яги битIунхъваялъул гъалатIги гьечIого, лъалхъул ишараби лъеялъул 7 гъалатI(5 кл.: битIунхъваялъул 5 ва лъалхъул ишараби лъеялъул 4 гъалатI, гьединго грамматикияб 4 гъалатI). |
| «2» | Къураб темаялда данде ккола реб хIасилалъул хIалтIи. МагIнаялъулъ гIемерал гIунгутIаби ричараб. Хъвараб жоялъул киналго бутIабазда гьоркьоб хадуб-цебе рекъон бачIиналъул тартиб гьечIеб, текст пландалда данде ккола реб. ЦIакъго мукъсанаб лексикаялъул, къокъал, цого тайпаялъул, цоцаздехун загIипаб гурони бухьен гьечIел предложениядасан гIуцIараб, мекъи хIалтIизарурал рагIаби ругеб хIалтIи. Тексталъул магIнаялда рекъараб мацI гьечIеб. МагIнаялъулъ 6 ва калам гIуцIиялъулъ 7 гIунгутIи ккун букIине бегьула. | Биччан букIине бегьула битIунхъваялъул 7 ва лъалхъул ишараби лъеялъул 7 гъалатI, яги битIунхъваялъул 6 ва лъалхъул ишараби лъеялъул 8, яги битIунхъваялъул 5, лъалхъул ишараби лъеялъул 9 гъалатI. |
| «1» | ЦIалдохъанас хъвараб хIалтIулъ биччан бугони магIнаялъулъ 6-ялдаса цIикIкIун ва калам гIуцIиялъулъ 7-ялдаса цIикIкIун гъалатI. | Биччан батани 7-ялдаса цIикIкIун битIун-хъваялъул ва 7-ялдаса цIикIкIун лъалхъул ишарабазул ва 7 грамматикияб гъалатI. |

**Баян.** 1. Мисалияб къадаралдаса сочинение 1,5-2 нухалъ кIудияб яги гьитIинаб бугони, битIунхъваялъе «4» къимат лъолелъул цо, «3» къимат лъолелъул кIиго гъалатI тIаде жубала яги тIаса бахъула. Масала, «4» къимат лъола битIунхъваялъул 3, лъалхъул ишараби лъеялъул 2, грамматикаялъул 2 гъалатI батани, яги гьебго тартибалда:2-3-2, 2-2-3, «3» къимат лъола битIунхъваялъул 6, лъалхъул ишараби лъеялъул 4, грамматикаялъул 4 гъалатI бугони, яги гьебго тартибалда гьадинаб къадаралъул гъалатIал ратани:4-6-4,4-4-6.
2. КъучIаб, жиндирго пикруялда берцинаб литературияб мацIалъ цIалдохъанас гъваридаб магIнаялъул сочинение хъван батани, учителас цо ракъаналъ цебесеб (ай адабияталъе лъолеб) къимат тIаде бачине бегьула.
3. ХIасилалъухъ ва калам гIуцIиялъухъ лъикIаб къимат лъезе рес гьечIо, сочинениялъул тема рагьун батичIони, гьелъул цогидал рахъал рагьунел ругониги.

## Ругьунлъиялъул хIалтIабазе къимат лъолеб куц.

Контролиял хIалтIабазда дандеккун, ругьунлъиялъул диктантазе ва цогидалги батIи-батIиял хъвавул хIалтIабазе къимат лъола дагьаб къваризабун.
Ругьунлъиялъул хIалтIабазе къимат кьолелъул хIисабалде босула:

1) Живго жиндаго чIун цIалдохъанасухъа бажарараб жо;
2) Малъараб материал бичIчIун бугеб куц;
3) ХIалтIул кIодолъи-гьитIинлъи.

Ккезе бегьулел гъалатIазде цебеккунго лъималазул кIвар буссинабун бугони, «5», «4» къиматал лъола цониги гъалатI гьечIеб, ккараб жинцаго битIизабураб хIалтIиялъе. Гьезда гьоркьосанги цояб къимат тIаса бищи бараб буго хIалтIул бацIцIалъиялда, хатIалъул берцинлъиялда.
Диктанталдаса кIудияб ругьунлъиялъул хIалтIуе «4» къимат лъезе бегьула, 1-2 гъалатI ккунги букIун, гьелги жинцаго ритIизарун ратани. Классалда букIа, рокъоб букIа цIалдохъанас хъвараб ругьунлъиялъул хIалтIухъ хал гьабула, гьелъие къимат лъей-лъунгутIи живго учителасул иш буго: кIвар бугелъе лъела, гьечIеб бер щвезабун тезеги бегьила. Ккезе бегьулел гъалатIазде цебеккунго лъималазул кIвар буссинабичIого, тIубанго жалго жидедаго чIун, цIалдохъабаз хъварал хIалтIабазе къимат лъола гьеб тайпаялъул контролиял хIалтIабазе чIезарурал нормабазда рекъон.

| № | Дата урока | | Тема урока | Тип урока | Учебные действия | Планируемые результаты | Домашнее задание |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | По плану | По факту | | | | | |
| 1 | | | Аваразул литературияб мацI –киналго магIарулазул рухIияб бечелъи. | цоцалъ жубараб | доклад, гара-чIвари | Авар мацI ва гьелъул тарих, авар лит-яб мацI северияб наречиялъул кьучIалда гIуцIараб букIин. Северияб ва югалъул диалектазул фонетикиял, лекскиял ва морфологиял батIалъаби, хъвай-хъвагIай гьечIел гIанди-цез группаялъул мацIал. | Ц1ех-рех гьабизе |
| 2 | | | Литературияб мацIалъул хаслъаби (гIелмияб, канцеляралъул, газет-журналалъул ва художествияб стиль). | такрар гьаби | жив-живасе хасаб хIалтIи кьей | ГьитIинал тексталги росун, батIи-батIиял хасиятазул рагIаби ва предложениял ратIа гьаризе | Предложениял г1уц1изе |
| 3 | | | **К/ц.** Тексталда тIад хIалтIи. | калам цебет1езаби | Тексталда тIад хIалтIи | БатIи-батIиял хасиятазул (стилалъул) рагIаби ва предложениял ратIа гьаризе. | |
| 4 | | | Диктант «Рит1уч1ил бурут1» | хал гьабиялъул | диктант хьвай | орфографиялъул, лъалхъул ишараби лъеялъул хаслъаби лъазе. | Такрар гьабизе |
| 5 | | | РагIул битIараб ва хъвалсараб магIна. Цогидал мацIаздаса рачIарал рагIаби. | такрар гьаби | тIехьгун хIалтIи, § 4 хI. 1 хъвазе | БитIараб ва хъвалсараб магIнаялда ругел рагIаби ратIа рахъизе лъазе, цогидал мацIаздаса рачIарал рагIаби лъазе | |
| 6 | | | Синонимал. Омонимал. Антонимал. Словараздаса пайда боси. | такрар гьаби | тIехьгун хIалтIи, § 1 хI. 3 бицун тIубазе, хI. 4, 5 хъвазе. | | Синон., омон., ант. предл урхъизе. |
| 7 | | | Фразеология. | такрар гьаби | тIехьгун хIалтIи, § 6 хI. 1, 2 бицун тIубазе, хI. 4 хъвазе. | | § 6 хI. 6 |
| 8 | | | К/ц. **Фразеологиял сверелалгун предлжениял гIуцIизе.** | **калам цебетIезаби** | **жалго жидедаго чIун хIатIи** | **Фразеологиял сверелалгун предложениял гIуцIизе, каламалъулъ гьел хIалтIизаризе** | |
| 9 | | | Орфоэпия. Логикияб ударение. | цIияб дарс малъи | тIехьгун хIалтIи, лекция | Диалектиял гьалатIал риччачIого, битIун кIалъазе, гIурус мацIалдаса рачIарал рагIаби битIун абизе , интонацияги цIунун, батIи-батIиял тайпабазул предложениял цIализе | §8 Гьум.16 |

| | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 10 | | | **К/ц.** Изложение «Эбелалъул гъадаро» | калам цебетIезаби | план гIуцIи, изложение хъвай | РагIараб текст хъвазе | Лъуг1изабизе |
| 11 | | | Авар мацIалъул графика. Авар орфографиялъул аслиял къагIидаби (принципал). | цIияб дарс малъи | лекция, битIунхъваялъул словарьгун лъай-хъвай гьаби | Авар мацIалъул графикаялъул къокъабго тарих, авар орфогр-лъул аслиял къагIидаби (принципал). | |
| 12 | | | Морфологияб къаг1идаялъ раг1и лъугьин | такрар гьаби | тIехьгун хIалтIи, хI. 2 хъвазе | РагIи ва рагIул формаби лъугьунел къагIидаби ва, гьел формаби лъугьунаго, рагIул къибилалъулъ кколел хиса-басиял. | § 8 Гьум 23-31 |
| 13 | | | РагIул гIуцIи ва рагIи лъугьин. | такрар гьаби | тIехьгун хIалтIи | РагIи морфемабазде бихьизе, морфемабазул магIна лъай, батIи-батIиял морфемабаздалъун цIиял рагIаби лъугьинаризе | Раг1аби морфемабазде рикьизе |
| 14 | | | Контролияб диктант. **(грамм. тIадкъ.).** | лъай хал гьабиялъул | диктант хъвай, грамм. тIадкъаял гьари | Малъараб материал лъай, текстальулъ грамматикиял гьалатIал ратизе лъай, щвараб материал хIалтIизабизе лъай | |
| 15 | | | Предметияб цIар. | такрар гьаби | тIехьгун хIалтIи, § 10 хI. 4, 6 хъвазе, § 15 хI. 2 хъвазе | Предметияб цIаралъул падежияб система, предм. цIар ва гьелъул гIемерлъул форма лъугьунел къагIидаби, предм. цIар лъугьин ва гьелъул битIунхъвай. | § 15 хI. 3 |
| 16 | | | Предметияб цIар. | такрар гьаби | тIехьгун хIалтIи | БатIи-батIиял каламалъул бутIаби предметияб цIаралде свери **(бахIарай, херав, ункъояв, унтарав)**, **магIарда** ( **-де -даса -дасан**) гIадал падежазул формаби каламалъулъ битIун хIалтизаризе, хъвалсараб магIнаялда предметиял цIарал хIалтIизаризе лъай **(меседил яс, ганчIил ракI).** | Гьум.35-48 Х1.3 гьум.56 |
| 17 | | | Прилагательное.Прилагательноязул бит1унхъвай | такрар гьаби | тIехьгун хIалтIи, § 20 хI. 1 бицун тIубазе, хI. 5 хъвазе | Прилаг-ги хаслъул падежалда бугеб предм. цIаралъулги синонимика (инсулаб тIадкъай – инсул тIадкъай), батIи-батIиял синонимал – прилаг-ял каламалъулъ хIалтIизари, текстазулъ прилагательноял ратизе ва гьезул морфологияб разбор гьабизе, описаниялъулъ прилаг-ял хIалтIизаризе лъай | §17- §23Х1.4 гьум.65 |
| 18 | | | **К/ц.** Тексталда тIад хIалтIи | калам цебетIезаби | | Текстазулъ прилагательноял ратизе ва гьезул морфологияб разбор гьабизе. Описаниялъулъ прилаг.хIалтIизари (тIабигIаталъул сурат къолаго) | |

| | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 19 | | | РикIкIен.Рик1к1еназул бит1унхъвай | такрар гьаби | тIехьгун хIалтIи, § 25 хI. 3,7 хъвазе, § 27 хI. 2 хъвазе | Г1уцIиялде балагьун рикIкIенал, рикIкIеназул битIунхъвай. | § 24 -§30 |
| 20 | | | **К/ц.** ГIадатал, составиял, жураpал рикIкIеналгун предложениял ургъизе. | такрар гьаби | жив-живасе хасаб хIалтIи кьей | КъадаралъулгиΙ иргадулги рикIкIенал каламалъулъ битIун хIалтIизаризе, предл-лъ гIадатаб, жубараб, составияб рикIкIен хIалтIизаби. | РикI.разр. лъаз. |
| 21 | | | ЦIарубакIазул маг1на | такрар гьаби | тIехьгун хIалтIи, § 31 хI. 7 хъвазе, § 33 хI. 4 бицун тIбазе | Ишараялъул цIарубакIал лъабабилеб гьумералъул цIарубакIаллъун хIалтIизари. | § 33 хI. 5 |
| 22 | | | ЦIарубакIазул бит1унхъвай | такрар гьаби | тIехьгун хIалтIи, § 34 хI. 2, 5 хъвазе. | Каламалъулъ предм. цI., прилаг., рикIкI-лъул бакIалда цIарубакIал хIалтIизаризе лъай. Ишараялъул цIарубакIал (манзилалде балагьун) битIун хIалтIизаризе, суалиял цIарубакIал ругел предл-ял битIараб интонациялдалъун цIализе ва гара-чIвариялъулъ хIалтIизаризе лъай. | § 34 хI.5 хъвазе. |
| 23 | | | Глагол.Глаголалъул бит1унхъвай.Глаголалъул наклонениял. | такрар гьаби | Глаг. наклонен. такрар гьари. § 61 хI.1 бицун тIубазе. § 62 хI. 2 , § 64 хI. 1 , § 65 хI. 1 хъвазе. | Цо-цо глаголал, лексикияб магIнаялде балагьун, рухьарал ва тIадчIарал рукIине бегьи | § 50-69хI. 2 |
| 24 | | | Глаголазул фразеологиял гIуцIаби ва жураpал глаголал. Гьезул битIунхъвай. | такрар гьаби | тIехьгун хIалтIи, § 52 хI. 5, 6 хъвазе. § 70 хI. 3 хъвазе | Аслияб ва цогиялда бараб рагIилъун глаголалги ккезарун, рагIабазул дандраял гIуцIизе ва гьел каламалъулъ хIалтIизаризе лъай. | Глаг. фраз. св. предл. ургъизе |
| 25 | | | Причастие. | такрар гьаби | тIехьгун хIалтIи, § 38 хI. 4 хъвазе. §39 хI. 7 хъвазе. | Прич. ва прич. сверелаби каламалъулъ хIалтIизаризе лъай. Прич-гун рагIабазул дандраял гIуцIизе, суалиял ва риторикиял предложениязулъ причастие сказуемоелъун хIалтIизаби лъай | § 35- §41. |
| 26 | | | Деепричастие. | такрар гьаби | тIехьгун хIалтIи, § 43 хI. 3. § 45 хI. 3 хъвазе. § 46 хI. 3 хъвазе. | Дееприч-ул синтаксияб роль, дееприч. сверелгун лъалхъул ишараби, дееприч-гун рагIабазул дандраял гIуцIизе лъай, каламалъулъ деепричастияб сверел хIалтIизабизе лъай. | §42-§46 хI. 3 лъугIизабизе. |
| 27 | | | Диктант «Милъиршаби» | хал гьабиялъул | диктант хъвай | Орфографиялъул, лъалхъул ишараби лъеялъул хаслъаби лъазе. | Такрар гьаби |

| | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 28 | | | Наречие. | такрар гьаби | тIехьгун хIалтIи, §73 хI. 1, 4 хъвазе. § 74 хI. 2 хъвазе. | Аслияб ва цогиялда бараб рагIилъун наречиялги ккезарун, рагIабазул дандраял гIуцIи ва гьел каламалъулъ хIалтIизаризе лъай. | §70-§72. хI. 6 |
| 29 | | | Наречие лъугьин. | такрар гьаби | тIехьгун хIалтIи, §77 хI. 2 хъвазе, хI. 3, 4 бицун тIубазе. | Синонимиял, антонимиял наречиял хIалтIизаризе лъай, предметияб цIаргун хIалтIизабулеб хадурегIел наречиялдаса батIа бахъизе лъай. | §72-76 хI. 2 |
| 30 | | | Союзал.Союзазул бит1унхъвай | такрар гьаби | тIехьгун хIалтIи, § 80 хI.1, 4 хъвазе | Предложениял ва предложениялъул членал союзаздалъун цоцаздехун хурхинаризе лъай, союзал – синонимал каламалъулъ хIалтIизаризе лъай. | § 79-80 |
| 31 | | | Частицаби. | такрар гьаби | тIехьгун хIалтIи, § 81 хI.3 бицун тIубазе, § 83 хI. 1 хъвазе | Омонимал хIисабалда дандчIварал ч астицабиги союзалги ратIарахъизе лъай. | Частицабазул группаби лъазаризе. |
| 32 | | | Контролияб диктант. | хал гьабиялъул | диктант хъвай | Орфографиялъул, лъалхъул ишараби лъеялъул хаслъаби лъазе. | |
| 33 | | | ХадургIелал. Междометиял. | такрар гьаби | тIехьгун хIалтIи, § 84 хI. 2 хъвазе, § 85 хI. 5 хъвазе § 87 хI. 1 хъвазе | БакIалъул падежалгун хадурегIелал хIалтIизари, хадурегIелалги наречиялги тексталъулъ ратIарахъи. | § 84-87 |
| 34 | | | Такрар гьаби. ГIамлъул хIалтIаби. | | | | Предложениял г1уц1и |

## *ПРОГРАММАЯЛЪЕ БАЯН*

*ХIалтIул программа гIуцIун буго гьоркьохъеб школалъул авар мацIалъул программаялъул кьочIодалъун.*
*Авар мацIалъул программа хIадур гьабуна ГI.ГI. Тахо-Годил цIаралда бугеб Дагъистаналъул гIелмиябгин цIех-рехалъул педпгогикияб институталъул мацIазул сектораль. Программа гIуцIана Вакилов ХI.С., ХIамзатиов А.ГЬ.*
*Дагъистан Республикаялъул лъайкьеялъул министерствоялъ тасдикъ гьабураб.*
*МахIачхъала: НИИ педагогикаялъул издательство.*
*Авар мацIалъул тематикияб план гIуцIун буго учебникалдаса « Дагъистаналъул адабият хрестоматия 10 кл.».*
*Дагъистанаъул дабият: А. ХIамзатов ва С. ХIайбулаев*
*СагIтазул къадар:*
*Дагъистаналъул адабият: 68 с*
*Анкьида жаниб сагIтазул къадар 2с*

## *Х классалда тIоритIулел кIалзулал ва хъвавулал хIалтIабазул аслиял тайпаби.*

*ПасихIго художествияб литература цIали. Жинца бицине ва хъвазе бугеб хабаралъе (кIалъаялъе) план гIуцIи.*

*Малъараб асаралда (яги чанго асаразда) тIасан жиндирго пикруги загьир гьабун, сочинениял хIадури (хъванги бицунги).*

*ЦIалдохъабазул жидерго захIматалъул, гьез обществоялъе гьабулеб пайдаяб хIалтIул бицарал творческиял сочинениял хъвай.*

*Цо яги чанго литературияб асаралда тIасан кIалъай хIадуризе.*

*Жинцаго цIаларал тIахъазе, хал гьабураб фильмалъе, сценалда бихьараб пьесаялъе къимат кьезе (рецензия хъвазе).*

**Лъаялъул ва бажариялъул рахъалъ X-XI классазул цIалдохъабазда цере лъолел тIалабал.**

**ЦIалдохъабазда лъазе ккола:**

- Дагъистаналъул литературиялда жаниб XIX гIасруялда ккарал тарихиял лъугьа-бахъиназул хаслъи батизе ва бицине;
- поэтазул асаразул хаслъи, миллияб литература цебетIезабиялъулъ гьез лъураб бутIа;
- гIурус литературиялъул дарсазда малъарал литературияб теориялъул баяназдаса пайда босизе;
- рекIехъе лъазаризе рихьизарурал асарал.

**ЦIалдохъабазухъа бажаризе ккола:**

I

- хъвадарухъанас рихьизарулел лъугьа-бахъиназул сурат цебечIезабизе;
- художествияб хаслъиги хIисабалде босун, малъараб асаралъул анализ гьабизе;
- асаралъул гIуцIи, лъугьа-бахъиналъул рахас героязул образал, сипатияб калам дандекъан, асаралъул идея ва художествияб хаслъи рагьизе гьезул бугеб кIвар батизе;
- асаралъул героясул хасият-гIамалалъе къимат къезе, цо яги чанго асаралъул герояв дандеккун, гьезул гIаммал ва хасал рахъал ратизе;
- асаралъул герояздехун, гьенир кколел лъугьа-бахъиназдехун авторасул бербалагьи батизе;
- малъарал асаралги къочIое росун, авторасул творчествоялъулги гьесул рухIияб дунялалъулги хурхен чIезабизе;
- цIалараб асаралъе жинца къолеб къимат къучIаблъун гьарулел хIужжаби рачине;

II

- художествияб асар пасихIго цIализе;
- жиндир кIалзулаб ва хъвавулаб кIалъаялъе план гIуцIизе;
- батIи-батIиял тайпабазул сочинение данде гьабизе (бицунги хъванги);
- захIматалъул темаялда творческиял сочинениял хъвазе (жидерго хIалтIул хIалбихьиялъул къучIалда);
- учителасул лекциялъул, литературияб критикаялъул, ричIчIизе бигьаял гIелмиял макъалабазул къокъаб хIасил хъвазе;
- цо яги кIиго, лъабго асаралда тIасан доклад хIадуризе;
- Жинцаго цIалараб тIехьалъе, бихьараб киноялъе, спектаклялъе, выставкаялъе къимат къун, хъвазе;

| № | Дата урока | | Тема урока | | Учебные действия | Словарная работа | Домашнее задание |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | По плану | По факту | | | | | |
| 1 | | | Дагъистаналъул миллатазул поэзия ва гьелъул гъварилъи. | | | Азнавур | |
| 2 | | | <u>Халкъияб кІалзул гьунаралъул асарал.</u><br>«ПартІу ПатІима». | | Фольклоралъе баян кьей.<br>КочІол мисалияб цІали бихьизаби.<br>КочІол анализ гьаби. | Алфазал | КечІ пасихІго цІализе.<br>КочІол гІадатаб анал. хІад. |
| 3 | | | «ГанчІил вас». | | Тимурил хІакъалъулъ тарихияб баян.<br>КочІол мисалияб цІали бихьизаби.<br>ЦІалдохъаби цІализе тІами. | Вазир | Бицине. КочІол анализалде хІадурлъизе. |
| 4 | | | «Надир-шагь щущахъ виххизави». | | Надир-шагь щущахъ виххизавиялъул хІакъалъулъ тарихияб баян.КочІол мисалияб цІали бихьизаби.<br>ЦІалдохъаби цІализе тІами. . | Гъара | Надир-шагь щущахъ виххизавиялъул хІакъ-лъ доклад хІадури.<br>КочІол анализалде хІад. |
| 5 | | | «Гъайбатай Бика»<br>«Бахтикал кечІ». | | КучІдул пасихІго цІализе.<br>КучІдузул аслияб тема, пикру батизе. | Вегьизе,Тагьмаз | Къокъаб хІасил бицине. |
| 6 | | | 17-18 гІасрабазда хъвалулаб адабият. | | «17-18 гІасрабазда хъвалулаб адабият» доклад цІализе. | Напакъа | Суалазде хІадурлъизе. |
| 7 | | | Къудукъа Мусал МухІамад.<br>«МагІарда гІазу буго». | | Хъвадарухъанасул гІумру ва творчество<br>КочІол баян. | Сужда,нухъа | Хъвадар. гІумр-л хІакъалъ. бицине.<br>Жиб-жиб кочІол мухъие баян кьезе лъай |
| 8 | | | ГІаймакиса АбубакархІажияв.<br>«Нахъа гІемер пашманлъила»,<br>«Раче дуца ниж къватІире». | | Хъвадарухъанасул гІумру ва творчество.<br>КучІдул пасихІго цІализе.<br>КучІдузул аслияб тема, пикру батизе. | Магъриб,Машрикъ | КучІдузул тема ва пикру батизе. |
| 9 | | | Кудалиса ХІасан.<br>«УнкъцІул хисулеб дуниял», «Леян ахІидал, ахІмакъ»<br>ГъаракІуниса СагІид<br>«ХІамихъ магІу», | | Хъвадарухъабазул гІумру ва творчество.<br>КучІдул пасих1го цІализе.<br>КучІдузул аслияб тема, пикру батизе. | Гъаплаталда | Хъвадар. гІумруялъул хІакъалъулъ бицине, кучІдзул къокъаб хІасил бицине |
| 10 | | | <u>19 гІасруялъул 50-60 соназда аваразул лит-ра.</u><br>Инхоса ГІалихІажияв<br>«ГІакълудал ралъад». | | Хъвадарухъанасул творчество.<br>ГІалихІажиясул поэзиялъулъ насихІат, лирика, сатира. | Х1асад | ГІалихІажиясул гІумруялъул хІакъ. доклад хІадур гьабизе |

| | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 11 | | | ***К/ц.*** **Сочинение.** *«ГІакълудал ралъад» абураб поэмаялда рухІияб берцинлъи.* | | | Гьинд,ах1камал | |
| 12 | | | *«Мукъур сурмияб микки»*<br>*«Балагьея, йокьулей!»* | | *КочІол мисалияб цІали бихьизаби. ЦІалдохъаби цІализе тІами.КочІол гІадатаб анализ гьаби.* | Мисри.тайичу | *Гьум. 55-56*<br>*Куч1дул ц1ализе, аслияб пикру , тема батизе.* |
| 13 | | | *«Гьурмадул берцинлъи гІун»*<br><br>*«Яс бечедазе кьезе бокьаразе»* | | *КочІол мисалияб цІали бихьизаби. ЦІалдохъаби цІализе тІами.*<br>*КочІол гІадатаб анализ гьаби.* | Базарган,Чухъа | *Гьум. 57-59*<br>*рек1ехъе лъазабизе.* |
| ***14*** | | | ***Классгун къватІисеб цІали***<br>*И. ГІалихІажияв.*<br>*Назмаби (тІехь).* | | | *Г1узру,насих1ат* | |
| ***15*** | | | *«ХъахІаб рас баккиялде»*<br>*Кицабиял алфазал.* | | *КочІол мисалияб цІали бихьизаби. ЦІалдохъаби цІализе тІами. КочІол гІадатаб анализ гьаби.* | *Къванщил расал* | *Гьум. 63-69* |
| ***16*** | | | ***К/ц.*** **Сочинение.** *Революциялда цересел машгьурал поэтазул пашманаб къисмат.* | | | *Дакъикъа* | |
| ***17*** | | | *Чакар Юсупова*<br>*«Инхоса ГІалихІажияв».*<br>*Критика.*<br>***А/т.*** *ГІалихІажиясул асаразулъ критикияб реализм.* | | | *Миллияб, хошгелди* | *Гьум. 69-91*<br>*Суалазде х1адурлъизе.* |

| | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 18 | | | ГIалихIажиясул заманалъул аваразул поэтал.<br>ГIанхил Марин<br>«Чарчурал гъудузул мугъал рекизе»,<br>«Дуда чIор речIчIаяв», «Зигара буго»(Элдарилав хведал). | | Маринил гIумру ва творчество. КучIдузул мисалияб цIали.<br>Тема ва идея бати, анализ гьаби. | Х1урулг1инзаби,мук1ур лъараб | Хъвад. биогр. бицине.<br>Кучд1узул тема ва идея батизе. |
| 19 | | | К/ц. **Сочинение.** ГIанхил Маринил ва Къуркълиса Щазал кучIдузулъ талихI къараб рокьул бакънал рукIиналъе гIилла. | | | Магъущзаби | |
| 20 | | | Хьаргабиса МухIамадбег<br>Сугъралъа МуртазагIалихIажияв<br>ЧIикIаса МухIамад | | Хъвадарухъабазул гIумру ва творчество.<br>КучIдузул анализ гьаби. | Напакъа<br>Сси,къади | Гьум. 97-107 |
| 21 | | | Ругъжаса Элдарилав<br>«Жергъен гьартун ккана». | | Элдариласул гIумру ва творчество.<br>КочI цIали. КочIол анализ гьаби. | Кор,г1алам | Хъвад. биография.<br>Коч1ол анализалде х1адурлъизе. |
| 22 | | | 19 гI. ахиралда ва 20 гI. авалалда авар адабият.<br>ЧIанкIа (БакьайчIиса Тажудин) «Гулишатиде» | | Хъвадарухъанасул гIумру ва творчество. КIечI цIали.<br>ЦIалдохъаби кIечI цIализе тIами. | Зарбу,кверщел | Кеч1 ц1ализе,<br>тема ва идея батизе. |
| 23 | | | Класстун къватIисеб цIали<br>ЧIанкIа «Берцинлъиялъ ясазе», «ТIалхIатил йокьулей»,»Рокьул къец». | | | Гьаят,варакъ | |
| 24 | | | «ГьаракIунисей». | | КIечI цIали, анализ гьаби.<br>ЦIалдохъаби кIечI цIализе тIами. | Чергесаб,щвемещ | Гьум. 121-123<br>Кеч1ол ан. гьабизе. |
| 25 | | | «ТIаде магIарухъе яхине анищ». | | КIеч1 цIали, анализ гьаби.<br>ЦIалдохъаби кIечI цIализе тIами. | Г1анаби | КочIол анализалде хIадурлъизе. |

| | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 26 | | | «РекIел гьудуласде гьадият хъвазин». | | КечI цIали, анализ гьаби. Цалдохъаби кеч1 цIализе тIами. | Хьухьикьан | КечI пасихIго ц1ализе. |
| 27 | | | «Лъукъараб ритIучI», «Бегуниде». | | КIеч1 цIали, анализ гьаби. ЦIалдохъаби кIечI цIализе тIами. | Мах1рум | КучIдул цIализе. |
| 28 | | | ХъахIабросулъа МахIмуд «Макьу», «Эбелги ясги». | | МахIмудил гIумру ва творчество. КучIдул цIализе. Тема ва аслияб пикру батизе. | Чундул,къасабчи | МахIмудил биография-реферат. «Макьу» тема ва идея батизе. |
| 29 | | | «Марям». | | ПасихIго цIализе. КочIол анализ гьабизе. | Шавкъ,карман | КочIол анализалде хIадурлъизе. 7 куп. рекIехъе лъазабизе. |
| 30 | | | «ГIишкъул цIеца», «РекIел гьаваялъул гьундул рихханин». | | КучIдузул мисалияб цIали бихьизабизе. ЦIалдохъаби цIализе тIами. Анализ гьаби. | Накълулъи | Гьум. 155-160 КучIдул цIализе. |
| 31 | | | **К/ц. Сочинение.** ЧIанкIал ва МахIмудил асаразулъ магIарулалъул образ. | | | Сакъат,бумат | |
| 32 | | | ЦIадаса ХIамзат «ХъахIабросулъа МахIмуд» | | ЦIалдохъабазе цIализе. Газеталдаса макъалаби цIализе. | Хилиплъи | Гьум. 161-174. ЦIализе суалазде хIадурлъизе. |
| 33 | | | Сиражудин Хайбулаев «КочIол унго-унгояв устар». | | ЦIалдохъабазе цIализе. Газеталдаса макъалаби цIализе. | Къиралзаби | |
| 34 | | | **Класстун къватIисеб цIали** Ятим Эмин «ВукIинесев дурцасде». | | | | |
| 35 | | | <u>ЧIанкIал ва МахIмудил заманалъул поэтал.</u> ТIелекьа Этил ГIали «Билараб гIакдаде», «Гьудуласде». | | КочIохъанасул гIумруялъул хIакъ-лъ баян. КучIдузе баян. Дандекквеял ратизе. | ТIеренчехь, бутI, мачуял, гIарщ, гугьар, щинкIил, тIех,чиллай | КучIдул цIализе. Тема ва идея батизе. |
| 36 | | | Кьохъа МухIамад «РагIи кIодо гьаби», «Вабаъ», «ГIарац», «Эркенлъи». | | КочIохъанасул гIумруялъул хIакъ-лъ баян. КучIдузе баян. Эпитетал ратизе. | Къвагъаяб, хутIа-кучараб, чIер-мугь, роцIанкъо, кулпат, | Хъвад. биография. КучIдузул анализалде хIадур. |

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 37 | | | Инхелоса Къурбан «Рокьул кучIдул», «Къокъал кучIдул», «Кундуховасде» | Хъхвадарухъанасул биография. КучIдузул тематика. | Сакал, гьапулаб, гьалайлъизе, насиб, агьлу, лангар | Хъвад. биография. КучIдузул анализалде хIадур. |
| 39 | | | **Класстун къватIисеб цIали** Ятим Эмин «Берцинай», «Огь, гIумру». | | | |
| 40 | | | Лезгиязул литература Кочхюралдаса СагIид «Мурсалханасе нагIана». | СагIидил гIумру ва творчество. КочIол идейно-тематикияб анализ. | ХIарамзада, тала гьаризе, мусудул, къисас, чукъби, гьин, нахърател, тIом | СагIидил гIумру ва тв-во. КочIол идейно-тематикияб анализ. |
| 41 | | | «Дир къисматалъул гьоко». | КочIол идейно-тематикияб анализ. | Къисматалъул гьоко, бис, махIрум | КочIол идейно-тематикияб анализ. |
| 42 | | | К/ц. **Сочинение.** Революциялда цебесеб поэзиялда бищун дие рокьарал асарал. | | | |
| 43 | | | Ятим Эмин «Огь, нилъер гIумру», «Гьаб дунял», «1877 сон», «Кумек ахIи». | Хъвадарухъанасул гIумру ва творчество. КучIдузул тема ва идея батизе. | ХIарамзада, хьами, рогьо, чурхъарав, къавм, гьир, ритIухълъи | Хъв-л гIумру. КучIдул цIализе, цояб рекIехъе бицине. |
| 44 | | | «Дир ракIбати гьабулезде», «Эминил васият». | КучIдузул мисалияб цIали бихьизабизе. КучIдузул идейно-тематикияб анализ. | Рогьрал-мацIаз, расен, ялгъуз | |
| 45 | | | «Сунда щиб рекъолеб?», «Эминги йокьулейги», «Огь, панаяб дуниял!» | КучIдузул мисалияб цIали. ЦIалдохъаби цIализе тIами. КучIдузул тема ва идея. | Сардар, тамихI, шигIру, гIузру, инагьдилев, шавкъ | КучIдул цIализе , анализалде хIадурлъизе. |
| 46 | | | «Гьудулзабазде», ГIакълу гьечIеб дуниял». | КучIдузул мисалияб цIали. ЦIалдохъаби цIализе тIами. КучIдузул тема ва идея. | Къоно, угьизин, маулхIаят, къисмат, жанавар, къадако, гьеду | |
| 47 | | | «Булбул», «Гьудул». | КучIдузул мисалияб цIали. ЦIалдохъаби цIализе тIами. КучIдузул тема ва идея. | ТIимугь | Гьум. 202-203. |
| | | | | | | |

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 48 | | | К/ц. **Сочинение** «Дир захIмат рокъоб». | | Рац1ц1алъи | Лъуг1изабизе |
| 49 | | | Ятим Эминил заманалъул лезгиязул поэтал<br>Мазалиса ГIали<br>«Дир ВатIан», «»Ханасде». | Хъвадарухъанасул гIумру ва творчество. КучIдузул тема ва идея батизе. | Чиякълъи, бецIцIараб, ягъзин, мукъулукъ | Гъум. 204-205. |
| 50 | | | Ахтиса ХIажи<br>«ХIалтIухъанасул кагъат», «Бице». | Хъвадарухъанасул гIумру ва творчество. КучIдузул тема ва идея батизе. | Яшав, бучIизе, гьир, ихтияр, нилъу, жан, гьоджагьилав, ахIмакъ | Гъум. 206-207. |
| 51 | | | ЛъарагIазул адабият<br>Йирчи Гъазахъ<br>«Сибиралдаса кагъат». | Хъвадарухъанасул гIумру ва творчество. КочIол идейно-тематикияб анализ гьаби. | Кьерхарал, гарацI, гудур, къор, щукIдул | КочIол идейно-тематикияб анализ. Хъвад. гIумру. |
| 52 | | | «Бихьинчи кинав вукIине кколев», «БатIияб мех». | КучIдузул мисалияб цIали. ЦIалдохъаби цIализе тIами. КучIдузул тема ва идея. | Ханжар, барти, алхунареб, икъбал, рекIкI, гьансито, янгъиз, хашаб, хачадизе | Гъум. 209-211. |
| 53 | | | «ГIакъиласул сабру бихххуларо», «Асхар –Тау». | КучIдузул мисалияб цIали. ЦIалдохъаби цIализе тIами. КучIдузул тема ва идея. | Мали, гарацI, гIад гьабизе, залим, зарра, бугьтан | Гъум. 211-213. |
| 54 | | | Класстун къватIисеб цIали | | | |
| 55 | | | Йирчи Гъазахъил заманалдаса хадуб 19 гIасруялъул ахиралде лъарагIазул адабият.<br>МухIамадапанди ГIусманов<br>«Къоял батIиял руго», «ЯхI», «ТIагъур лъуравщинав чи», «Узденчиясул боцIи». | 19 гIасруялъул ахиралде лъарагIазул адабият (доклад). Хъвадарухъанасул гIумру ва творчество. КочIол идейно-тематикияб анализ гьаби. | РекIкI, пасалъи, ихтияр, чамгIалаб, лахIту, мискъал, узденчи | Гъум. 214-215. |
| 56 | | | Манай ГIалибеков<br>«Нижер тIадчагIи», «ХIакимзабазул иш», «Аксаялъул ясазул гIарз». | Хъвадарухъанасул гIумру ва творчество. КочIол идейно-тематикияб анализ гьаби. | ГIакIа, такъсир, питна, инкар, мочIу, щар, гавур | Гъум. 216-218 |
| | | | | | | |

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 57 | | | ЗайнулгIабид Батимурзаев «Халкъалъул цевехъанасде», «Къокъа радалго ана», «Рогьалил цIва». | Хъвадарухъанасул гIумру ва творчество. КочIол идейно-тематикияб анализ гьаби. | Язихъаб, таваккал, къобухIараб, хьетулел руго | Гьум. 219-220. |
| 58 | | | Даргиязул литератураялдаса<br>Батирай<br>Рокьул кучIдул. БахIарчиясул хIакъалъулъ.<br>«Дица кечI кин ахIилеб?», | Хьв-л гIумру ва творчество. КучIдузул мисалияб цIали. ЦIалдохъаби цIализе тIами. | Гьелегьараб, тIорчч, чухъа, зани, ччукIел, хъиргъу, рогьо, бигьаро, саву, жан, цIилал, тIимугъ, квелъ | Хьв-л гIумру ва творчество. КучIдузул тема ва идея. |
| 59 | | | «Дица кечI ахIулаан», «Доб борхатаб магIарда», «Дир бадиб хьухь лъугьана», «Дидего гьабураб», «Векьарухъанасде», «Бечедасде». | КучIдузул мисалияб цIали. ЦIалдохъаби цIализе тIами. КучIдузул тема ва идея. | Михир, гIакIа, бегавул, батрак, согIаб, пуруц, пинкь, макъар, хIалигъун | Гьум. 222-225. |
| 60 | | | «Рохьор гIаркьалабигIан», «Жиб алмасалъ цIер г1адин». | КучIдузул мисалияб цIали. ЦIалдохъаби цIализе тIами. КучIдузул тема ва идея. | Чагъир, тепси, бегавул, гьанта, квелъ, гьанта, сияхI, магъало, патI | Гьум. 225-229. |
| 61 | | | Батырайил заманалъул даргиязул поэзия. | | Чабхъен, гъоркьчIел, инкар, рогьо, махIрумлъи | Гьум. 230-236. |
| 62 | | | Лаказул адабияталдаса<br>ХIасан Гузунов<br>«ГIункIкIги цIулакьоги» | Хьв-л гIумру. КучIдузул мисалияб цIали. ЦIалдохъаби цIализе тIами. КучIдузул тема ва идея. | ТIамур, нигIмат, бакьуч, кьор, кьин, мигьлъизе, тIом | Хьв-л гIумру. КучIдузул тема ва идея. |
| 63 | | | Къуркълиса Щаза<br>Къокъал кучIдул.<br>СагIид Габиев<br>«Анищ», «Мурад». | Хьв-л гIумру. КучIдузул мисалияб цIали. ЦIалдохъаби цIализе тIами. КучIдузул тема ва идея. | Мокърукь, гIодонакIкI, гула, бекI, кьоно, кор, хьирим, кьарну, сирт, парс, расалъи, гIалах-гIалхал | Хьв-л гIумру. КучIдузул тема ва идея. |
| 64 | | | Гьарун СагIидов «Гьалайчи». | Хъвадарухъанасул гIумру ва творчество. I сурат цIали. ЦIалдохъаби ролазде бикьун цIализе тIами. | Турут, чагур, малгIун, рибачи, чIагIа, рагI | Бицине. Гьум. 243-254. |

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 65 | | | «Гъалайчи». | II сурат цIали. ЦIалдохъаби ролазде бикьун цIализе тIами. | ХъегIизе, перело | Бицине. Гъум. 254-264. |
| 66 | | | <u>Табасараназул адабияталдаса</u><br>Къалухъа Мирза<br>«Ханасе жаваб», «Айгъиралде», «Халкъалде ахIибай». | Хъв-л гIумру.<br>КучIдузул мисалияб цIали.<br>ЦIалдохъаби цIализе тIами.<br>КучIдузул тема ва идея. | Пири, узден, харбукъ, тIукъби, алмас, наку, наслу | Хъв-л гIумру.<br>КучIдузул тема ва идея. |
| 67 | | | <u>Къалухъа Мирзал заманалъул табасараназул поэтал</u><br>Гвандик Жигер<br>«ЗахIматаб заман».<br>Татилалдаса Уруж<br>«Ле, мискин». | Хъв-л гIумру.<br>КучIдузул мисалияб цIали.<br>ЦIалдохъаби цIализе тIами.<br>КучIдузул тема ва идея. | КъунтIи, къатIра, жан, нажас, бег, ахIмакъ, лагъ, гIалах, | Хъв-л гIумру.<br>КучIдузул тема ва идея. |
| 68 | | | Малъараб гIамлъизаби | | | |